


Gid Evalyasyon Komite a

Objektif Pwogram nan

Ede gwoup yo kreye aksè nan aktivite atistik yo epi rete konekte ak piblik /kominote yo nan Minnesota.

Kritè

Kritè yo se loup yo mande manm komite yo itilize pou yo oryante egzamen yo a. MRAC kwè demann ki pi solid yo montre yon gwoup gen objektif ki klè, yon konsepsyon pwojè ki efikas, ak relasyon ki nesèsè pou fè travay la gen anpil valè pou kominote a. Se poutèt sa, kritè egzamen yo se: **Objektif Gwoup ak Pwojè yo**, **Konsepsyon Pwojè a**, ak **Relasyon**. Yon demann ki gen yon nòt ki trè wo pral montre byen klè ki jan chak kritè yo makonnen youn ak lòt.



Imaj: Yon sèk divize an twa seksyon egal ak flèch ki oryante nan de direksyon ant chak seksyon. Seksyon yo gen etikèt Objektif Gwoup ak Pwojè yo, Konsepsyon Pwojè a, ak Relasyon.

Echèl Evalyasyon

Manm komite yo pral evalye chak kritè soti nan 1 jiska 5, kote 5 se pi gwo nòt la. Apre sa, yo regwoupe nòt kritè yo pou yo jwenn yon nòt total pou demann nan k ap soti nan 3 jiska 15. Annapre, manm komite a kalkile mwayèn nòt yo pou jwenn yon nòt final. Yo mande manm komite a pou yo sèvi ak tout echèl la nèt pandan y ap evalye demann yo.

- 1 - Yo pa pran kritè a an konsiderasyon, oswa li vrèman pa koresponn ak lòt kritè yo.
- 2 -
- 3 - Yo abòde kritè a yon fason ki neglije oswa yon fason jeneral, relasyon li ak lòt kritè yo pa klè oswa gen dout.
- 4 -
- 5 - Yo abòde kritè a avèk yon gwo presizyon ak yon bon entansyon, li gen yon relasyon ak lòt kritè yo ki klè.



Imaj: Echèl evalyasyon 1 jiska 5 sou yon flèch oranj orizontal ki montre yon pakèt limyè ki gen plizyè koulè

Objektif Gwoup ak Pwojè yo

Nan ki nivo ou dakò ak sa ki annapre yo?

- Kandida a prezante objektif ki presi/entansyon jeneral ki kreye (oswa kontribye nan kapasite gwoup la genyen pou kreye) aksè nan aktivite atistik yo.
- Vizyon kandida a sou fason li reyalize aktivite atistik yo apwopriye ak enterè/bezwen kominote li vize pou benefisye l la.
- Kandida a te esplike yon fason ki byen klè rezon ki fè pwojè yo pwopoze a koresponn ak objektif/entansyon gwoup la oswa pou fè gwoup la pwogrese.

Konsepsyon Pwojè a

Nan ki nivo ou dakò ak sa ki annapre yo?

- Tout detay sou pwojè a byen egzamine, dimansyon pwojè a apwopriye.
- Aktivite yo pral pèmèt yo abouti yon fason ki efikas ak rezilta gwoup la t ap tann yo.
- Konsepsyon pwojè a pral kreye (oswa kontribye nan kapasite gwoup la genyen pou kreye) aksè ki gen valè nan aktivite atistik yo ki san paspouki epi ki aksesib pou manm kominote yo ki izole akòz ras, andikap, ak lòt kalite diskriminasyon.

Relasyon

Nan ki nivo ou dakò ak sa ki annapre yo?

- Kandida a te defini byen klè yon kominote (oswa kominote yo) ki pral benefisye nan pwojè a oswa pwogram nan (moun nan kominote sa a, k ap desèvi nan/grasa kominote sa a).
- Pwojè ki prezante a fèt espesyalman nan enterè kominote sa a, e li gen metòd byen defini pou rive jwenn manm yo sible yo nan kominote a epi pou satisfè bezwen yo.
- Kandida a demontre moun k ap travay nan pwojè a reprezante kominote a fidèlman, epi yo byen plase pou sèvi kominote sa a.